


Men nimewo telefòn kote ou ka rele ak referans

La Polis	911
SOS vyolans nan foye (Violence conjugale)	514-873-9010 ou 1-800-363-9010
DPJ	514-896-3100
CIUSS du Nord-de-l'île de Montréal	514-384-2000
CAVAC	1 866 532 2822
Èd jiridik nan dwa pou imigrasyon	514-849-3671
Retrèt Kebèk (lajan Soutyen timoun)	514- 864-3873
Ajans Reveni Kanada(lajan Kanada bay pou timoun)	1-800-387-1194

- <https://www.educaloi.qc.ca/>
- <http://www.justice.gouv.qc.ca>
- <http://violenceconjugale.gouv.qc.ca>
- <http://www.4.gouv.qc.ca>
- http://cdi.merici.ca/2011-01-30/brisez_silence.pdf
- <http://droit-finances.commentcamarche.net/>
- http://www.fede.qc.ca/sites/default/files/upload/documents/publications/2014-03-fmhf-violence_conjugale_et_famille_les_statuts_d_immigration.pdf
- <http://www.cra.arc.gc.ca/bnfts/ccb/menu-fra.html>
- http://www.rrq.gouv.qc.ca/fr/programme/soutien_enfants/paiement/Pages/paiement.aspx
- <http://www.csj.qc.ca/>
- http://www.rrq.gouv.qc.ca/fra/posae/Content/DO13_03.htm
- <http://www.cra-arc.gc.ca/>
- <http://www.spvm.qc.ca/fr/Fiches/Details/Violence-conjugale-et-intrafamiliale>



VYOLANS NAN FOYE

Aprè peryod vyolans sak gen ankò

Créole

Otòn 2016

Siw pa santiw alez nan fason wap viv ak patnèw la.

Ou tankou youn moun ki toutan ap fè atansyon, wap mande tèt ou eske wap ka kenbe, epi toutan se fòt paw.

Ou fè tout saw kapab pou sa ta mache byen, pou mariw pa fache. Lidew diw lap siveyew, li bezwen toutan gen kontwòl ou.

Lap fè jalouzi, lap few santi ou pa anyen. Lap few menas, lap few pè, li menm di ou se yon move madanm ak yon move manman.

Ou pa sèten ke sa se vyolans ke wap sibi. Ou santiw poukont ou, san soutyen; ou ta renmen pale ak yon moun san pawòl ou pa sòti deyò.

Ou pa konnen siw gen dwa kite kay la oubyen rete ladann.

Wap poze tèt ou kesyon : eske desizyon ou pran li bon.

Ou santiw koupab, ou santiw jennen.

Konnen **ou pa poukont ou**, gen moun ki la pou edew. Rele SOS vyolans nan mitan fanm ak gason kap viv ansanm. Ou ka toujou ale nan yon CLSC (sant local sèvis kominotè), oubyen nan yon sant ki la pou resevwa fanm. Si sa ijan ou si sa grav, rele la polis **911, toulejou**, lajounen kou lan nwit, 24 sou 24. Ke moun sa ta frapew, li jourew ou pale mal kont ou, fè presyon nan lespri ou, li toujou vle kontwòle lajanw, fè bagay avew san ou pa vle, fè presyon sou ou sou fasonw sèvi Bondye, konnen moun sa pa gen okenn dwa, bagay sa inakseptab. Nenpòt ki jan se vyolans, moun sa pa gen okenn eskiz.

Wap jwenn nan ti liv sa anpil repons ak yon valè kesyon ke ou kap poze tèt ou. Men tou siw bezwen plis limyè, ou pa bezwen jennen vini mande pale ak moun kila pou yo kapab edew. Pa kenbe pwoblèm sa yo nan kèw pou kont ou. **Vini pou nou pale.**

➤ **Mwen vle kite kay la, mta renmen sòti nan sityasyon vyolans sa. Men ki bò pou mwen ale?**

Si ou vle kite kay kotew ye la pou ou ka fini ak zafè vyolans sa, plen kote ki ka edew. Gen kote ki la pou resevwaw, kap baw ou yon kote

- Kat kredi, kat bank ou, livre labank ou, papye sou ipotèk kay ou, papye kote ou prete lajan labank
- Kontra kay la(bay), si w te achte kay, papye kay la
- Kanè lekòl timoun yo, diplòm yo
- Bagay ou genyen ki gen valè tankou bijou, resi byen ou te achte

Si ou gen lòt kesyon sou kijan pouw fè pou ou ale, sou sekiritew ak pa timoun yo, rele san pèdi tan nan yon mezon ebèjman, wap jwenn yon moun ki la pou edew, kap pote w sekou. Men si ou toujou lakay ou, li enpòtan pou efase sou telefòn selilèw tout nimewo òganis ou te rele.

Konnen byen aparèy elektronik, tankou telefòn entelijan ak tablèt yo, yo gen yon sistèm GPS Geo, ki pèmèt yo jwenn kote ou rete a san pwoblèm.

Lè GPS sa aktive, li montre sou chak foto ki kote moun kap sèvi ak aprèy sa ye. Ki donk, li trèz impòtan pou dezaktive opsyon sa « géo localisation d'images » sou telefòn selilè ak sou tablèt yo.

Lè wap itilize Medya sosyo tankou Whatsup, facebook, Viber Snapchat e la trye sa ka fè yo lokalize ki kote ou ye. Asire w ke géo localisation an dezaktive sou telefon ou.

➤ **Mwen ak marim nou gen yon kont labank ansanm. Kisa poum fè?**

Moun ki gen kanè bank ansanm yo, yo tou le de responsab tout dèt ki te fèt sou kont sa. Si youn pa peye, lòt la dwe peye pou li. Pou tèt sa, ou dwe fèmen kanè bank sa toutswit lèw finn ale. Men tou lajan ki te depoze nan kont sa se pou nou tou lede. Se pou tèt sa ou fèt pou pran mwaye nan lajan sa.

Kou ou decide kite kay fòk ou retirelajan sa, paske li posib ke mesye a decide pran tout lajan ki nan kont sa lèw ou finn ale. Ou fèt pou retire kòb la nan sikisal ki tou pre lakay ou, pou kapab asire sekiritew. Paske si li mande nan ki adrès ou retire kòb la, li kapab chache jwenn ki kote ou rete.

➤ **Mwen pako sitwayen kanadyen, ni mwen poko gen rezidans, mwen pè pou yo kontinye analize dosyem nan sim kite marim.**

Konsènan dosye imigrasyon an (refijye ak yon dosye pou fanmiw ou, oubyen youn dosye parenaj) gen anpil posibilite. Pito ou rele biwo imigrasyon, ou byen rele biwo èd jiridik sou zafè imigrasyon ki ka gade pou ou si ou gen dwa jwenn yon avoka gratis. Si ou se yon refijye, moun kap travay nan CIUSS-du-Centre-Ouest kapab konseye w ki sa poufè, gen yon pwogram kila pou akeyi epi ede moun kap mande azil yo kapab entegre peyi ki resevwa yo a (PRAIDA).

Men ki bagay pou pran avew si ou decide kite kay la

- Yon doub kle kay ou ak machinn la
- Yon ti kanè kote ou ekri adrès ak nimewo telefòn moun ou konnen
- Lisans ou ak lisans machinn nan
- Papye idantite w ak pa timoun yo (kat sosyal ou, paspò, batistè, papye imigrasyon te bay).
- Papye kontra maryaj ou
- Kat asirans maladi, kanè vaksinasyon

pou domi, yon kote ou ka santiw an sekirite ou menm avek pitit san ou pa peye anyen (kay, chofaj, manje, e latrye). Wap jwenn moun ki la pou edew ranpli papye si ou gen demach pou fè (jwenn yon avoka, al lopital, ak lòt ankò). Tout sèvis sa yo konfidansyèl (sekrè), sa vle di pa gen moun ki pwal rakonte afèw, oubyen bay enfòmasyon sou ou san ou pa konnen. Nan kay sa yo moun yo pale fransè, anglè.

Siw pa pale lang sa yo, gen moun kila pou tradwui pou ou. Nòmalmman nou resevwa timoun ki fenk fèt jiska 18 an.

Men si pitit ou a gen plis ke 18 an li ka toujou rete avèw. Nòmalmman, chak moun domi nan yon chanm, nou pataje lot espas tankou twalet, kizin, salon e latrye.

Dapre kay ki akeyi w la, ou ka pase kelke jou jiska kèlke mwa. Apre wa jwenn yon entèvenan kap akonpaye w pou ka chache yon lot kay.

➤ **Kisa kap pase si mwen al rapòte sityasyon an bay la polis?**

Si ou vle rapòte sityasyon an bay la polis ou ka rele nan nimewo sa 9-1-1 oubyen ou ka pase nan yon nan 32 pos polis ki nan katye yo (www.ssvm.qc.ca). Polisye yo ap vini pou kapab mete ola nan pwoblèm nan, pèmèt ou menm ak pitit nou santi nou an sekirite.

Nan ka yon enfraksyon kriminel (pa egzanzp li vyole la lwa), fòsew fè saw ou pa vle, li fèw menas, agresew ak zam li, fòsew fè bagay ak li san ou pa vle, kidnapew, serew yon kote san moun pa konnen ki kotew ye e la trye, polisye gen sifizaman rezon pou arete misye, epi yo oblije rapòte sa yo wè bay avoka gouvènman.

Si polisye yo pat jwenn mesye ya nan kay la lè yo te vini a, yap fè tout sa ki posib pou yo kapab jwenn li. Konsa wap kapab santiw an sekirite epi mesye prale devan lajistis.

Polisye yo kapab akonpaye ou pou jwenn moun ki ka edew tankou CAVAC (Centre d'aide aux victimes d'actes criminels), CLSC, e si vrèman ou gen bezwen yo ka mennen w nan yon mezon ébèjman. Polisye yo ap ekri yon rapò, pou yo ka di men ki sa yo wè, kijan bagay

yo ye. Y'ap mandew tou pou ou ekri yon deklarasyon. Ou ka ekri deklarasyon sa nan lang ou, ou ka jwenn tou yon entèprèt ki tradwi pou ou si ou gen bezwen.

Si timoun yo ekspoze a zak vyolans nan foye a, polisye yo ap avèti DPJ (direction de la protection de la jeunesse/direksyon pwoteksyon pou jèn), epi tou bay yon rapò sou sak pase a.

Polisye yo ap akonpaye w pou kapab pran nan kay la zafè pèsònèl ou ak zafè timoun yo tankou paspò, medikaman, zafè lekòl timoun yo ak lòt bagay ke ou gen bezwen.

Aprè sa, dosye a la pral jwenn yon moun ki la pou mennen ankèt sou sak te pase a. Anketè ya pral denonse evenman ki te pase ya bay avoka gouvènman. Se li ki ka pote akizasyon yo. Se li tou ki gen dwa otorize pou dosye a avanse.

Si polisye yo te arete mesye a jou ou te rele a, yo prale avèl epi metel nan prizon. Lap rete nan prizon an jouktan nou ale nan tribinal, oswa moun ki tap fè ankèt decide lagel pou yon ti tan. Menm lè misye lage pou yon ti tan, li gen anpil atasyon poul fè, tankou li pa gen dwa pwoche bò kote ou, ni pale avèw.

Se jij la ki va decide, lèl finn tande zafè a, si lap kenbe mesye a nan prizon oswa si lap lagel sou kondisyon. Òganis Côté Cour (Kote Lakou) ap fèw konnen si mariw lage epi lap di w tou a ki kondisyon, epi yap akonpayew, epi ofriw èd ke ou ta gen bezwen pou fè demach lajistis yo. Gen moun kila pou akonpaye ou. **Pa pèdi tan, vini pa ret san pale.**

➤ **Mwen gentan siyen yon bay pou kay kote mwen ye a. Kijan poum fè kite kay sa?**

Depi ou gen pwoblèm vyolans nan foyew, kote ou menm ak pitit ou pa gen sekirite, oubyen mariw ou yon lot moun fòsew pou fè bagay ak li, ou ka mande pou anile bay la.

Fòk ofisye piblik la ta bay yon atestasyon. Lokatè a fèt poul prezante 3 dokiman :

➤ **Li dim sim kitel lap pran timoun mwen yo.**

Dapre la lwa toulede paran men dwa, chak paran gen dwa pou yo gade timoun yo. Okenn nan yo pakap di ke li ki gen dwa gade timoun yo. Mesye a pa gen dwa di se li ki pou gade timoun yo, ni ou menm tou, men si ou se yon viktim vyolans nan foye ou ka ale ak timoun yo san pèmisyon mariw. Men, ou oblije rete nan pwovens Kebèk la avèk yo. Nan ka sa, pa pèdi tan pou wè ak yon avoka ki ap baw yon papye pou ou ka gade timoun yo, pou mariw pa akizew ke ou pran ti moun yo san li pa konnen. Papye pou gade timoun yo se yon jij sèlman ki kapab bay li. Papye sa a ap valab jiska 6 mwa.

Sa ap edew pou kapab gentan pran desizyon pou timoun yo tankou si ou ta vle chanje yo lekòl, gaderi, ak lot ankò. Aprè sa se, se nan tribinal jij la ap decide ki moun kap gade timoun yo nèt. Jij la ap decide ki kote ki pi bon pou ti moun ka evolye, li pap gade sou kantite lajan kap antre nan men moun yo. Men tou, si ou ta pè pou sekirite timoun yo, ou ka pale ak avoka w la, li menm li ka toujou mande pou yon moun vinn kontwole kijan mariw konpòtel lèl vini wè ti moun yo. Avoka ka konseyew tou pou kontakte DPJ kise Direksyon Pwoteksyon pou Jèn yo.

Konnen ke DPJ pa la poul pran ti moun yo nan men paran yo, men li la pou kapab ede paran yo, ak pou timoun yo kapab an sekirite, epi yo Kapab byen devlope.

Siw gen dout sou zafè gad pataje(nou tou le ka degade ti moun yo) ou dwe toujou pale ak avoka ou oswa avek DPJ, pou esplike pou kisa ou pa vle gad pataje.

Li enpòtan pou ou gen yon avoka ki pou konseye ou epi ki edew pran bonjan desizyon, paske demach sa yo kapab long epi konplike. Ou dwe konnen tou, menm si te gen vyolans jij la ka konsidere ke timoun yo ka kontinye wè papa yo epi decide tou si nou te lede kapab gade timoun yo. Yon mezon ebèjman kapab akonpayew nan tout demach sa yo, li kapab pwotejew plis tou kont akizasyon ki ka fè konnen ke ou vle vòlè ti moun yo.

➤ **Marim pwopozem kite san nou pa fè kont, san ale wè yon avoka. Eske mwen ta dwe asepte?**

Nan ka separasyon ak divòs, la lwa oblije moun marye yo, moun ki pase ak sivil yo, ou moun kap viv ansanm san yo pa marye ki genyen pitit, resevwa sèvis yon medyatè pwofesyonèl (moun kila nan mitan yo tou lede) pou pèmèt yo diskite yon seri de bagay ki gen rapò a **fanmi an. Medyatè ap pale de zafè ki konsène separasyon byen,** pansyon alimantè (Lajan pou pran swen timoun yo), si nou vle divòse, kilès kap gade timoun yo.

Men si ou viktim vyolans nan foye w, la lwa pa oblije w resevwa sèvis sa, paske mesye a ka pwofite sikonstans lan pou fè presyon sou ou, oubyen menase w pou ou pa jwenn tout sa ou gen dwa resevwa. Prezans mesye a tou ka few santiw jennen pou mande tout enfòmasyon ke ou vle konnen. Nan ka sa, negosyasyon o pap sòti ren pou ren nan jan ou ta vle la. Gen de lè ou asepte yon medyatè paske ou pa vle gen pwoblèm ak mesye a, epi ou ta vle regle tout bagay pou sa ta fè kont. **Pran prekosyon. Cache wè yon avoka. Dwa w fèt pou respekte.**

Si ou se yon fanm marye, ou kapab chwazi separasyon legal oswa divòs. Separasyon legal la pèmèt ou regle zafè tankou kilès moun kap gade timoun yo, sou zafè pansyon alimantè, separasyon byen. Men sa pa vle di ke maryaj la fini pou sa. Ki donk, moun marye yo, dwe **toujou respekte dwa ak devwa ke yon gen pou lòt. Wap jwenn plis**

Enfòmasyon sou adrès entènèt sa :

<https://www.educaloi.qc.ca/capsules/laseparation-legale>

Men tou, si wap viv ak mesye a san ou pa marye, konnen ke la lwa pa pwotejw nan zafè ki konsène separasyon byen, pansyon alimantè. Antou ka li toujou enpòtan pou ou wè yon avoka anvan ou pran nenpòt ki desizyon.

1-Yon fòmilè Demand atestasyon byen ranpli pou ou kapab anile bay la pou motif vyolans oubyen agresyon seksyèl. Lokatè a fèt poul fè sèman pou papye demand li a : li dwe ranpli kote nan fòmilè a ki rele <Sèman oubyen afimasyon solanel>, epi li dwe ale devan yon kòmèsè asèmantasyon, kote yo tou lede ap siyen pati sa :

<http://www.justice.gouv.qc.ca/francais/publications/generale/bail.htm>

Si lokatè pa konnen kòmèsè asèmantasyon, li ka ale Palè Jistis ki nan zòn kote li rete ya.

2- Yon dokiman ki pou papye demand ou an. Sa kapab :

a-yon kopi depozisyon lapolis la

b-yon dokiman ke yon nan moun ki gen rapò ak lokatè ou ak timoun ki avèl. Sa kapab yon nan moun sa yo :

- yon entètvenan nan mezon ebèjman;

-yon entèvenan CAVAC;

-yon entèvenan CALACS (Centre d'aide et de lutte contre les agressions à caractère sexuel);

3- Yon kopi bay kay la.

Bay kay la ap anile 2 mwa apre ou voye avi pou pwopwyetè a; osinon yon mwa si kontra a pat gen yon dat poul fini oubyen pi piti pase yon lane. Pandan tan sa ou fèt pou kontinye peye kay la. Atansyon, se selman moun ki te siyen papye kay la ki gen dwa fè demand lan. Si ou pat siyen nan kontra kay ou ka ale fè wout san pwoblèm. Li posib pou jwenn yon kay ki bon mache si w viktim vyolans nan foyew dapre kelke kondisyon. Ou ka gen pryorite si lè wap fè demand lan, mezon ebèjman baw yon papye ki sètifye ke ou te lakay yo, menm jan tou si lapolis, CLSC, oubyen yon sant kominotè ba ou yon papye ki sètifye ke ou te viktim vyolans nan foye w. Sa ka pran ape prè 3 a 6 mwa avanw jwenn kay la.

Dè fwa tank fanmi an pi long ou ka pran plis tan pou jwenn yon apatman. Li posib tou pou jwenn yon seri apatman ki sibvansyone

sekirittè, kote wap jwenn soutyen, moun ki la pou akonpaye ou. Men sa mande fòk ou rete nan mezon ebèjman yon mwa pou pi piti.

Nomalman, ou ka rete nan yon mezon ebèjman pou piti 3 mwa jiska 2 zan pou pipilis.

➤ **Mwen pa gen salè kijan map fè poum pran swen tèt mwen ?**

Siw pa gen lot mwayen, Pwogram èd sosyal la ap bay yon ti chèk ki ka edew pran swen tèt ou an atandan.

Wap ka jwenn kòb sa tou depan de kantite lajan ou gen labank, kantite byen ou genyen, kantite lajan ou te fè ane pase a si ou tap travay. Anplis tou, si se koze vyolans kifè ou kite kay ou pou al nan yon mezon ebèjman, li posib pou jwenn yon alokasyon de 100 dola pa mwa pou kontrent tenporè. Li enpòtan pou gen yon kanè la bank pou ka fè demand èd sosyal la.

Si ou te gen yon kanè bank déjà e ke mariw te konnen modepas la li enpòtan pou ou chanje nimewo kanè sa rapidman.

Si ou te konn resevwa releve kanè sa lakay ou, ou dwe rele bank lan byen vit pou ou kapab bayo nouvo adrès ou.

➤ **Lajan alokasyon Kanada pou timon yo (Allocation canadienne pour enfants ACE), ak lajan Kebèk bay pou timoun yo (Soutien aux enfants) , ap edew tou pran swen timoun yo.**

Chak mwa ACE bay fanmi yo yon lajan kote yo pap peye enpo sou li. Lajan sa kapab ede fanmi yo pran swen timoun yo jistan yo rive 18 tan. Pou timoun ki gen pi piti ke 6 zan, ACE bay a pe prè 6400\$ pou chak ti moun, epi 5400\$ pou timoun ki genyen 6 zan rive nan 17 tan.

Pou Kebèk li menm, se chak 3 mwa (osinon chak mwa si fanmi an mandel) li bay lajan pou timoun yo. Ou pa peye enpo sou lajan sa. Se pa yon montan ki fix, sa vle di tout fanmi pa resevwa menm valè lajan. Sa pwal depann de grosè fanmi yan, ak ki kantite lajan ou te fè ane pase.

Nòmalman, menm lè tou le de paran ap viv ansanm nan menm kay, se manman timoun nan ki resevwa lajan. Se sak fè si ou ta deside kite kay ou pou zafè vyolans, epi si sete nan menm kanè labank ou menm ak mariw ou te konn resevwa lajan pou timoun yo, li enpòtan pou

fèmen kanè sa rapid rapid, epi ouvè yon lòt kanè labank sou non paw sèlman. Apre sa, rele alokasyon Kanada pou timon yo (Allocation canadienne pour enfants ACE), ak lajan Kebèk bay pou timoun yo/Soutien aux enfants) pou kapab bay nouvo nimewo kanè labank ou genyen an pou yo kapab depoze lajan pou ou.

Ou ka tou esplike sitiyasyon wap viv la, konsa yo va edew mete yon modepas pou ka edew pwoteje dosyew la pou mariw pa jwenn enfòmasyon. Si ou bezewn plis enfòmasyon ou ka toujou gade sou adrès entènèt sa yo :

- <http://www.cra.arc.gc.ca/bnfts/ccb/menu-fra.html>
- http://www.rrq.gouv.qc.ca/fr/programme/soutien_enfants/paiement/Pages/paiement.aspx.

Men si se te mariw ki te konn resevwa lajan sa yo, fòk ou rele san pèdi tan, tou le de biwo sa yo, pou kapab esplike sitiyasyon wap viv la. Wap swiv sa yo mandew pou fè pou lajan sa kapab vini sou non pa ou.

➤ **Mwen ta renmen separe ak mariw, men mwen pa konnen dwa mwen genyen ni mwen pa gen lajan poum peye yon avoka.**

Pou zafè separasyon, oswa tout lot demach lajistis, sa mande anpil lajan. Si ou nan èd sosyal, oswa si ou admisib ou ka jwenn sèvis yon avoka gratis gras a èd jiridik. Nan biwo èd jiridik la yap verifye konbyen lajan ou te fè nan travay ou, byen ke ou genyen, lajan ou gen labank, epi konbyen ti moun ke ou genyen.

nan biwo ki pi pre kote ou rete a, ou ka gade sou adres entènèt Komisyon sèvis jiridik : <https://www.csj.qc.ca/>

Sil pa posib pou jwenn èd jiridik la, si ou pa gen mwayen ditou pou peye yon avoka, ou ka toujou pale ak yon òganis kominotè tankou klinik jiridik **Juripop**. Si ou reponn ak tout egzijens yo mande, ou kapab jwenn yon avoka pou yon ti kras kòb.